

ПИКРУ

**ХIанчIи чIи-чIилел руго, эркенлъи доба бугин…**

Стр. 2

ДИН ВА ГIУМРУ

**Суал- жаваб**



Стр. 4


# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 21 * декабрь 2015 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


*Аниги щиб, солдат...*

# «Кагъатцин гьечIо военкоматалда»

## ЛъаратIа районалъул рагъулав комиссарасулгун гара-чIвари



**Газеталда билълъараб гIадаталда рекъон бокьараб идараялъул цIияв нухмалъулесулгун гара-чIвари гьабула нижеца. Цебеккун хъван букIана ЛъаратIа рагъулаб комиссариаталъул цIияв нухмалъулев тIамиялъул. Гьанжесеб номералда кьолеб буго цIияв военком МухIамад МухIамадовасулгун гара-чIвари. гара-чIвари. Гьесул рагIабазда рекъон, рехсараб идараялъул гьечIо телефоналъул бухьен, интернет, хIатта кагъатцин.**

**— ЛъаратIа рагъулаб комиссарасул хъулухъги дуда баркун, дие бокьилаан цо чанго суалалъе дуца жаваб кьуни. Дуца хъулухъ тIаде босулаго кинаб хIалалда дуда батараб ЛъаратIа рагъулаб комиссариат?**

— ЛъаратIа районалде дун хIалтIизе витIана исана 9 октябралда, республикаялъул рагъулав комиссарасул амруялда рекъон. БитIараб бицани ЛъаратIа военкомат дида бихьана щибго хIалтIи гьабичIеблъун, кIиго сонгIаги къваригIуна гьеб хIалтIи рукIалиде бачине ккани. ГьечIо телефоналъул бухьен, хIалтIулеб гьечIо интернет ва гь. ц. Дица абиларо дида цеве вукIарав нухмалъулес щибго жо гьабун батичIо, яги гьес хьашго хIалтIи гьабун бугин, амма гIунгутIаби гIезегIан рихьулел руго.

**— КигIанаб бугеб военкоматалъул хIалтIулхъабазул къадар, бугищ гьезул хIалтIуда данде кколеб бажари ва лъай?**

— Военкоматалъул штатазда рекъон хIалтIуда руго 15 чи, гьезда жанир гьединго руго лъабго хъаравул, цо фельдшер ва гь. ц. ЛъикIаб лъай буге ва хIалтIи бажарулев чи хIалтIуде восила, амма хIалтIи цебе тIезабизе ккани цин гьеб хIалтIухъабазда малъизе ккола. ГьабсагIаталда нижер идараялда хIалтIула гIадамал къотIикьайги гьабун (контракт), гьезул хIалтIи гIун бачIунеб гIелалда бараб букIуна.

**— ГьабсагIаталда армиялде ритIулел руго тIадегIанаб лъай бугел чагIи, яги шоферал, амма гьезул диплом эбелинсуца гIарацги кьун босараб батани щиб гьабун лъикI, аттестация гьабун халгьабизе бегьуларищ?**

*Ахир 2 аб. гьум.*

# Баркула ЦIияб сон!



ХIурматияб Анкьракьалъул жамагIат! Баркула нужеда, тIаде бачIунеб цIияб 2016 сон. Гьарула нужее щулияб сахлъигун халатаб ва роххалилаб гIумру. Хьул буго, араб соналъго гIадин, бачIунеб соналъги нилъеца районалда жанир ва къватIир сундулъго бергьенлъаби росилин. 2015 соналъ гIемер хIалтIи гьабуна районалда ва исана жеги гIемер гьабизе къасд буго. Нижеца хIалкIвараб хIаракат бахъулеб буго районалъул гIумру лъикIлъизе ва тIаде бачIунеб гIелалъе жеги бигьалъаби рукIине.

Араб соналъ байбихьана нилъер районалде шагьранухалда хъил тIун нухал цIигьаризе, гьединго районалда жанир нухал гьарулел руго. Нилъеца къокъаб заманалда жаниб рагьана районалда МФЦ, лъималазул ясли-ах, цIияб поликлиника ва гь.ц. КIвар цIикIинабуна гIатIиракьалда, хъутабазда ругел нилъер районцоязде, гьенир 12 азарго чи вуго нилъер ракьцоял. Гьениб ункъо росулъе щвана газ ва жеги хутIарал росабалъеги бачунеб буго.

ГIемер хIалтIи гьабулеб буго нилъер районалда росдал магIишат цебетIеялъе, рацIцIад гьаруна лъел канал. Дун кидаго хIадур вуго районцоязе кидаго ва сундулъго хIалай вахъизе ва хIалкIвараб кумек гьабизе. Нужер киналго балагьалгун къварилъаби нужеца нахъе тарал соназулъ нахъ хутIун ратайги. ТIаде бачIунеб цIияб сонги баракатаб ва роххалилаблъун лъугьайги.

**Районалъул бетIер**
**Ражаб РАЖАБОВ**

*тIабигIат*

# ХIикматаб жанавар нилъер мугIрузда

**Нилъер районалъул мугIрузда ахирал соназда хIикматаб хIалалъ гIи-боцIи тIагIиналъул балъголъи тIатинабуна исанасеб соналъул хасало. ГIадамазул щаклъи букIана гIалхул гьабазда, бацIазда, хIатта рысь абураб жанаваралдаги, амма гIажаибго цо лъалкI течIого, мухIканго хIалтIулеб букIана хъумур.**

БоцIи тIагIиналъул балъголъи бичIана МахIачхъалаялдаса ЛъаратIе унаго машинаялъул нухда цо чиясда батун буго гьоркьохъеб азиялда гIумру гьабулеб, рачIчI халатаб, леопард. Гьес телефоналдаса бахъараб видеоялда мухIканго бихьизе щолеб буго гьеб. ГIалимзабаз гьеб лъугьабахъиналда хIикмалъи гьабулеб буго, бищун ахиралда леопард нилъер мугIрузда бихьун букIанила араб гIасруялъул 90-абилел соназда ва гьанжелъизегIан гьеб рухIчIаголъи тIубанго тIагIараблъун рикIкIунеб букIана.

ГIадамаз цебего егеразда гIарз бахъулеб букIана тезе цIар лъалареб къагIидаялъ тIагIунел ругила жодор бачалги гIиялги, кигIан цIодорго хъаравуллъи гьабуниги я бихьулеб я рагIулеб букIинчIила боцIи хъамулеб жанавар. Гьеб бугоо леопардалъул цогиязда данде ккун жиндирго хаслъи. БацI, ци, цер тIаде кIанцIулел халлъула.

НТВялъул корреспондент ГIумар МухIамадовасул пикруялда рекъон, мугIрузда гьеб жанавар батиялъе гIилла бугила ахирал соназда мугIрузул районазда гIазуги дагьлъун, хинаб хаселги букIун ва гIадамал гIемер гьениса гочи. ГIага-шагарго 20 соналъ гIалимзабазда лъалеб букIинчIо мугIрузда леопард букIин, гьеб гуреб цоги хIужа,батизе бегьула чанахъабаз жодоца чIвазеги чIван балъго цIунараб, щайгурелъул гьеб къанагIатаб жанавар чIваялъухъ гьабсагIаталда къотIула гIакIа цо миллион гъуруш, яги чамалиго сон туснахъалда. Россиялъул Кавказалда леопард жеги къанагIатаб буго РикIкIадаб Востокалда данде ккун, хъамалчагIазул кидаго кIвар цIикIараб букIуна къанагIатал рухIчIаголъабазде.



*Аниги щиб, солдат...*

# «Кагъатцин гьечIо военкоматалда»

## ЛъаратIа районалъул рагъулав комиссарасулгун гара-чIвари

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

Эбел-инсуца жодор лъимал цIалулел ругин бицуна, амма цIалун лъугIун хадусала гьезда жодор автобиография, гIарзацин хъвазе лъаларо. ГьабсагIат нилъер республикаялъул нухмалъулев Рамазан ГIабдулатIиповас аслияб кIвар кьолеб буго культура ва лъай цебе бачине. Военкоматалъе цIакъ захIмат букIуна гIакълу-лъай щвечIел гIолилал армиялде ритIизе, гIемерисезда лъаларо улкаялъул гимн ахIулаго тIаде рахъинецин. ГIемерисел нилъер гIолилаз батIи-батIиял аскараздахъулухъ тIубаларо, гьединго тIубаларо командирасул приказ ва рагъулаб устав. Кин нилъер гIолилаз рагъулаб хъулухъ тIубалеб бугищали хал гьабизе гIуцIун буго «Комитет солдатских матерей» абураб гIуцIи.

**- Дуца тIоцебесеб иргаялда щал ритIулел армиялде ва чан чи ине вугев ЛъаратIа районалдаса?**

- Исана Дагъистан республикаялъе бихьизабураб план буго 1500 чи. (1180 чи Миноборонаялъе, 320 чи МВДялъе ва цоги рагъулал гIуцIиязеги). Дагъистаналъул рагъулаб комиссариаталъул нухмалъулев Дайитбег Мустафаевас вихьизавун вуго ЛъаратIа районалдаса исана I5 чи. Гьел рукIине ккола чорхол сахлъиги бугел, тIадегIанаб лъайги щварал, военкоматалъ цIализе ритIарал, шоферасул праваби ругел гIолилал.

**- Кинаб букIараб росдал администрациязул бутIрузулгун кIалъай, щиб хIалтIи гьез гьабизе кколеб военкоматалъе?**

- Исана 20абилеб октябралда букIана ЛъаратIа военкоматалда данделъи. Гьеб данделъиялда гIахьаллъи гьабуна 6-7 росдал администрациязул бутIруз ва гьезул заместителаз. Дун вачIун гьечIо районалда бугеб хIалтIи какизе, дие хIажат буго киналго учрежденияздасан ва хасго росдал администрациязул бутIруздасан бажарараб кумек щвей. Дица бажарараб щинаб кумек гьабизе буго армиялде цIикIун гIолилал ритIизе, контракти хъван рагъулаб хъулухъ тIубаялъе кумек гьабила ва.гь.ц

**- Чан чи призывниказул гьабсагIаталда учеталда ругел?**

- Гьаваялдаса босун бицани учеталда вуго 1200 чи, чIорогоял кагътал руго гьезул цIаралги хъван, тIубанго учеталда гьечIезул бицун пайдаго гьечIо. Учет гьаби, запасалда ругезул щибниги хъвай-хъвагIай гьечIо, гьелъул гIайибиял цохIо военкоматалъул хIалтIухъаби гуро, тIубанго районалъул система цадахъ рекъон хIалтIунгутIи.

**- ВатIаналде рокьи бижизабиялъе кинаб хIалтIи военкоматалъ гьабизе бугеб?**

- Дир пикруялда рекъон гьелъие заман къваригIуна, хIалтIи гьабизе ккун буго бацIадаб кагътидасан. Кагъатцин гьечIо военкоматалда. КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчигун гIолилал дандчIвазарила, бицина Дагъистаналъул героязул хIакъалъулъ, Дагъистаналъул летчиказул ва космонавтазул хIакъалъулъ, рагъдаса щвечIезул ва рагъда нилъераз гьарурал бахIарчиял ишазул хIакъалъулъги.

**- Ахиралда щиб бицине бокьилеб дуе районалъул жамагIаталда?**

- Дица тIоцебе гьарулеб буго гьезие щулияб сахлъигун халатаб рохалилаб гIумру. Я Аллагь, ватугеги нилъер районалда армиялде ине кIоларев васги росасе ине кIоларей ясги. Вассалам ва калам.

**Гара-чIвари гьабуна**
**ЧАКЪАЛОВАС**

# Прокуратура сообщает:

**Прокуратура района проведена проверка исполнения законодательства в сфере установления инвалидности, назначения и выплаты пенсий по инвалидности и единовременных денежных выплат.**

Проверка показала, что в 2006 году, местному жителю на основании поддельного бланка выписки из акта освидетельствования гражданина, признанного инвалидом, была установлена инвалидность второй группы от общего заболевания бессрочно.

Затем злоумышленница, заведомо зная, что не проходила освидетельствование в органах медико-социальной экспертизы, представила указанный документ в Управление ОПФР по РД в Тляратинском районе.

В результате, с марта 2007 по декабрь 2015, она незаконно получила пенсию и единовременные денежные выплаты на сумму свыше 790 тысяч рублей.

Материалы проверки по данному факту прокуратурой района направлены в следственные органы для решения вопроса об уголовном преследовании.

**И.о. прокурора района юрист 3 класса**
**Г.В. САСИЕВ**

*пикру*

# ХIанчIи чIи-чIилел руго, эркенлъи доба бугин...



**Басрияб альбомалъ гIемераб жо ракIалде щвезабула. Гьаб нухалда инсул суратазулъ квал-квадулаго ратарал суратацаги дун вачана ракIалде щвеязде. Дица цебе буго ЛъаратIа районалде щварабго бахъараб РасулХIамзатовасул сурат. Расулилгун гьудуллъиялда ниж ругел соназда гьес гIемер бицунаан гьел сапаразул. Гьале цо-цо шагIирасул ракIалдещвеял:**

"Дун тIоцеве ЛъаратIе щун вукIана I960 абилел соназда гIемерал рарал цIадаца росаби гIоралъ ун ругин рагIун. Вертолеталда Дагъистаналъул мугIрузда тIаса обкомалъул секретарь ГIабдурахIман Данияловгун воржунев дида цебе тIамулеб букIана бакIаричIеб бусен гIадаб магIарул тIалъи, гIоралъ гьоркьоса рукъзал рахъарал росаби ва къваридал магIарулазул гьурмал. ЛъаратIа росдал цо берцинаб майданалда вертолет рещтIарабго нижеда данде рачIана кечI ахIулел ясалги, кьурдулел васалги, зурма-къалиги.

**— Гьаб щиб роххел, къварилъи ккарабго загьир гьабулеб? Нуж сунца кечI-бакъаналде цIарал - ин гьикъана Данияловас цо гIолохъанчиясда.**

- ГIоралъ ун руго, ГIабдурахIман Даниялович, росдал басрияб авалалдаса гьор-бокьалгун чанго рукъги, районалъул женсоветалъул минаги. Гьеле гьеб руччабазул рукъалдаса гIоралъ ине рекъараб бакI районалдаго букIун батиларо - ян махсаро гьабуна гIолохъанчияс. Гьаб роххелги гIоралъ рукъзал ун бугеб гуро, нуж гьанир нижехъе рещтIиналъ бижараб буго - ян. Дие цIакъ рекIее гIун рукIана гьеб къварилъиялда аскIобги махсарогун ракI гIатIилъи цIунизе кIолел ЛъаратIа районалъул гIадамал.

КIиабилеб нухалъ дун ЛъаратIе щвана районалда цIа ккун бищунго кIудияб росу бухIун бугин рагIун. Гьаб нухалда дида цадахъ вукIана цIияв Дагъистаналъул бетIер МухIамадсалам ГIумаханов. ЛъаратIа добго майданалда нижеда дандчIвай гьабуна цевехун дида киданиги вихьичIев цIияв чияс. Гьев вукIун вуго ЛъаратIа районалда райкомалъул секретарьлъун тIамурав Жаватхан ГIалиханов. ГIолохъанав, вихьизе гьайбатав чи. ЦIакъго цо жинда жиндирго ракI чIарав чиясул вагъа-вакари бугоан гьесулъ.

**— Гьеб цIа нужер агъаз гьечIолъиялъ, токалдаса ккун буго, кибе балагьун букIараб райком партия ва жавабиял хIалтIухъаби? - ян согIго ГIалихановасухъ валагьана обкомалъул секретарь ГIумаханов.**

— Гьеб цIа жибго ккечIони нижецаго тIамизе кколаан, гьеб сабаблъунниги республикаялъул нухмалъи гьаб рикIкIадаб районалде магIарулазухъе гьоболлъухъ бачIине - ян цо бичIчIизе захIматаб жаваб реххана ГIалихановас.

Гьеб букIана цояб рахъалъ, нуж гьалбал рукIун, нужехъ урхъун абураб магIна. Цогидаб рахъалъ - рикIкIадаб, реххун тараб, я нухал, я канлъи, я шартIал гьечIеб районалде, магIарухъеги щвезе кколин нуж абураб. Щиб магIна гьел рагIабазул букIун батаниги гьединаб жаваб обкомалъул секретарасе кьезе кIолев чи къанагIатниги вукIун ватиларо доб заманалда. Гьев релълъарав вукIинчIо хутIарал райокомазул секретаразда, цIакъ таваккалав, лебалав чи вукIана. Дие гьев цIакъ рекIее гIуна вихьарабго ва ниж гьудулзаби лъугьана хадур. ГIемерисел министрал ва районазул бутIрул М-С. ГIумахановжидедехун квешлъизе гурин дидаса рикIкIад чIолаан. (Диргун досул гьоркьорлъаби батIи-батIиял рукIана). ЦохIо ГIалиханов ЖаватханвукIана сундухъниги валагьичIого гьеб гьудуллъи цIунулев чи" - ян абуна Расулица. Расулица Жаватхание сайигъат гьабураб кочIолъ рукIана цо гьадинал мухъал:

**ГIалиханов, рилълъинищ**
**ЛъаратIеги, ЦIунтIеги?**
**Гьал гьерсил кабинетал**
**Канцелярал жалго тун.**
**Гьаниб гьаб шагьаралда,**
**ЗахIматаб хIалкъей буго.**
**ХIанчIи чIичIилел руго,**
**Эркенлъи доба бугин"** - абурал.

Гьал мухъазги рагьулев вуго Жаватхан щиб хасияталъул чи вукIаравали. Районалда гьесул рахъалъ батIи-батIиял пикраби руго. Киналго нухмалъулезул хIакъалъулъго гIадинха. Цояз гьев рикIкIуна диктатор, хъачIав, бер къанщичIого пачалихъалъул цагърините кверги бегьулев, жииндир тIадчилъиги бокьухъе хIалтIизабулев чи. Цогидаз абула къанагIатаб иманалъул ва бихьинчилъиялъул инсан вукIанин. МахIачхъалаялде щварабго бащдаб машина сайигъаталгун киналго больницабазда районалъул гIадамал рихьизе хьвадулев, доб заманаялда рищиял гьечIониги, гьел гIадамазда бараб жо гьечIониги, цохIо Аллагь разилъиялъул мурадалда. Сверухъ "Аллагь гьечIо"ян (астагъфируллагь) ахIтIолеб дунял букIаго какги барав, Къуръан цIализе ЦIоралде лъималги ритIарав, республикаялда рикIкIунев ва къадруялда вукIарав цевехъанлъун вукIанин. ЦохIо гьаб дида архивалда батараб суратальги рагьулеб буго нилъее щив чи вукIаравали ГIалиханов Жаватхан. Гьав кIиго кIалъалев чиясул кинав обкомалъул секретарь, кинав райкомалъул секретарали лъалеб хIал гьечIо. ХIатта къосинецин рес буго. Чан вукIун ватилев, яги жакъа вугев гьав гIадин таваккалго, каранда кверги лъун, бадиверги валагьун республикаялъул бетIергун кIалъазе кIолев нухмалъулев Дагъистаналда?

Хабар лъикIаб рагIайги.

**МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ**

# О возрождении системы ГТО («Готов к труду и обороне»)

**24 марта 2014 года подписан указ Президента Российской Федерации В.В.Путина о возрождении системы ГТО («Готов к труду и обороне»), который был внедрен среди обучающихся образовательных организаций в отдельных субъектах Российской Федерации (этап введения комплекса среди обучающихся всех образовательных организаций страны и других категорий населения в отдельных субъектах Российской Федерации запланирован на январь – декабрь 2016 года), в то время как этап повсеместного введения комплекса среди всех категорий населения Российской Федерации намечен на 2017 год.**

Сдавать нормы будут 11 возрастных групп от 6 до 60 лет, испытания являются делом добровольным.

Прорабатывается механизм, с помощью которого работодатель сможет поощрять сотрудников, выполнивших нормативы. Этим вопросом займётся правительственная Российская трёхсторонняя комиссия по регулированию социально-трудовых отношений, которую возглавляет заместитель Председателя Правительства России Ольга Голодец.

В целях повышения профессиональной работоспособности, укрепления здоровья и предупреждения утомляемости работающего населения, привлечения к регулярным занятиям физической культурой и спортом трудовых коллективов, Минтруд России включил занятия физкультурой и спортом в Типовой перечень ежегодно реализуемых работодателем мероприятий по улучшению условий и охраны труда и снижению уровней профессиональных рисков

В соответствии с приказом Минтруда России от 16 июня 2014 года № 375н Типовой перечень дополнен мероприятиями по внедрению Всероссийского физкультурно-спортивного комплекса «Готов к труду и обороне» (ГТО).

В Типовой перечень включены следующие мероприятия:

организация и проведение физкультурно-оздоровительных мероприятий (производственной гимнастики, лечебной физической культуры с работниками, которым по рекомендации лечащего врача и на основании результатов медицинских осмотров показаны занятия ЛФК), включая оплату труда методистов, тренеров, врачей-специалистов, привлекаемых к выполнению указанных мероприятий;

приобретение, содержание и обновление спортивного инвентаря;

создание и развитие физкультурно-спортивных клубов, организованных в целях массового привлечения граждан к занятиям физической культурой и спортом по месту работы.

В соответствии со статьей 226 Трудовым кодексом РФ финансирование мероприятий по улучшению условий и охраны труда осуществляется работодателями в размере не менее 0,2% суммы затрат на производство продукции (работ, услуг).

Расширение перечня мероприятий по улучшению условий и охраны труда и снижению уровней профессиональных рисков является позитивным шагом, который позволит организациям более гибко выстраивать собственную систему охраны труда. При этом конкретный перечень мероприятий определяется индивидуально в каждой организации исходя из специфики ее деятельности.

Этот перечень является, как правило, приложением к коллективному договору, заключенному между работодателем и работниками. Если такого договора нет, то мероприятия, указанные в перечне, включаются в План мероприятий по улучшению условий и охраны труда.

Именно на эти мероприятия работодатель вправе направить финансы, что будет считаться целевым использованием средств, запланированных на охрану и улучшение условий труда.

# ОХРАНА ТРУДА: минимум, который надо знать!

**Охрана труда - это система сохранения жизни и здоровья работников в процессе трудовой деятельности, включающая в себя правовые, социально-экономические, организационно-технические, санитарно-гигиенические, лечебно-профилактические, реабилитационные и иные мероприятия (согласно ст. 209 ТК РФ).**

Основные обязанности работодателя по охране труда названы в ст. 212 ТК РФ. Мы постараемся вкратце очертить, какие конкретно меры в области охраны труда должна предпринимать организация.

## Локальные акты

Во-первых, необходимо разработать локальные нормативные акты в сфере охраны труда. Они являются непосредственной правовой базой управления охраной труда на уровне предприятия. На основании требований законодательства РФ, в том числе межотраслевых и отраслевых правил, инструкций, рекомендаций, стандартов, положений, можно определить перечень документации, которая должна разрабатываться и оформляться при проведении работы по охране труда в организации.

## Кабинет (уголок) охраны труда

Во-вторых, следует создать кабинет охраны труда или уголок охраны труда. Они необходимы для:

- обеспечения выполнения работниками требований охраны труда;
- распространения правовых знаний в этой области;
- проведения профилактической работы по предупреждению производственного травматизма и профессиональных заболеваний.

Согласно Рекомендациям по организации работы кабинетов (уголков) охраны труда в организации, утвержденным Постановлением Министерства труда и социального развития РФ от 17 января 2001 г. N 7, рекомендуется создавать:

- кабинет охраны труда - в организациях, осуществляющих производственную деятельность, с численностью 100 и более работников, а также в организациях, специфика деятельности которых требует проведения с персоналом большого объема работы по обеспечению безопасности труда;
- уголок охраны труда - в организациях с численностью менее 100 работников, а также в отдельных структурных подразделениях таких организаций. Деятельность кабинетов по охране труда призвана обеспечивать выполнение мероприятий по охране труда, в том числе: проведение:
- семинаров, лекций, бесед и консультаций по охране труда;
- инструктажа по охране труда, тематических занятий с работниками, к которым предъявляются требования специальных знаний охраны труда и санитарных норм, проверки знаний требований охраны труда работниками;
- аналитических исследований состояния условий труда в организации или на конкретных рабочих местах и оценки их влияния на безопасность трудовой деятельности; обучение правилам охраны труда, в том числе безопасным методам и приемам выполнения работ, применению средств коллективной и индивидуальной защиты работниками и пр.

## Инструктаж сотрудников

В-третьих, следует проводить инструктаж работников по вопросам охраны труда, производственной санитарии, противопожарной безопасности и другим правилам охраны труда.

Фрагмент документа. Трудовой кодекс Российской Федерации. Глава 13 «Требования охраны труда». Пункты 6 - 8 ч. 2 ст. 212 «Обязанности работодателя по обеспечению безопасных условий труда и охраны труда»

Работодатель обязан обеспечить:

- обучение безопасным методам и приемам выполнения работ по охране труда и оказанию первой помощи при несчастных случаях на производстве, инструктаж по охране труда, стажировку на рабочем месте и проверку знаний требований охраны труда, безопасных методов и приемов выполнения работ;
- недопущение к работе лиц, не прошедших в установленном порядке обучение и инструктаж по охране труда, стажировку и проверку знаний требований охраны труда;
- организацию контроля за состоянием условий труда на рабочих местах, а также за правильностью применения работниками средств индивидуальной и коллективной защиты.

Таким образом, на организацию возлагается обязанность проведения различного рода инструктажа.

Государственным инспекторам труда при исполнении ими своих служебных обязанностей предоставляется право отстранять от работы лиц, не прошедших инструктаж по охране труда и проверку знаний требований охраны труда.

Своевременность и полноту обучения персонала по охране труда контролирует отдел по охране труда или иное должностное лицо, на которое указанные обязанности возложены приказом руководителя юридического лица. В соответствии с Рекомендациями Минтруда России по организации службы охраны труда данные правила распространяются на все предприятия, организации, учреждения независимо от их организационно-правовых форм и форм собственности.

По характеру и времени проведения инструктаж работников подразделяется на:

- вводный;
- первичный на рабочем месте;
- повторный;
- внеплановый;
- целевой.

Факт проведения соответствующего вида инструктажа, проверки знаний и правил охраны труда и получения работником допуска к самостоятельной работе следует зафиксировать в журнале регистрации инструктажа.

**Директор ГКУ РД ЦЗН**
**в МО «Тляратинский район»**
**КУРБАНОВ А.Р.**

# Прокуратура сообщает:

**Прокуратурой района проведена проверка соблюдения требований федерального законодательства о санитарно-эпидемиологическом благополучии населения.**

Так, в результате проверки установлено, что 53 сотрудника МКОУ «Тляратинская СОШ им. А. Сайпулаева», работающих в непосредственном контакте с детьми, в нарушение ст. ст. 28, 29, 35 Федерального закона «О санитарно-эпидемиологическом благополучии населения», а также абз. 12 Перечня работ, выполнение которых связано с высоким риском заболевания инфекционными болезнями и требует обязательного проведения профилактических прививок, утвержденного постановлением Правительства Российской Федерации от 15.07.1999 № 825, согласно которому выполнение работ во всех типах и видах образовательных учреждений требует обязательного проведения профилактических прививок, согласно которым в образовательных учреждениях независимо от организационно-правовых форм должны осуществляться меры по профилактике заболеваний, включающие в себя проведение профилактических прививок, своевременно не прошли вакцинацию от гриппа.

Более того, указанные лица, в нарушение ч. 2 ст. 5 Федерального закона «Об иммунопрофилактике инфекционных заболеваний», от работы не отстранились, тем самым потенциально создавая риск заражения инфекционным заболеванием воспитанников учреждения.

В целях устранения указанных нарушений закона прокуратурой района в адрес директора данного учреждения внесено представлении об устранении нарушений федерального законодательства.

Ход рассмотрения указанного акта реагирования находится на контроле прокуратуры района.

**И.о. прокурора района**
**юрист 3 класса**
**Г.В. САСИЕВ**

*дин ва гIумру*

## Суал - жаваб

**ГьитIинав васасда хадуб чIахIиял чагIаз как базе бегьулищ?**

ГьитIинаб лъимада хадуб как базе бегьула. Гьесул как лъугьунелъул ва тIокIаб бецIизеги кколарелъул. Бухарияс бицараб хIадисалда буго, жинда салат салам лъеяв Авараг чIаго вугеб заманалда Салиматил вас ГIамруца жиндирго къавмалъе имамлъиги гьабун как балеб букIанилан. Гьеб гьесул букIун буго анлъго-анкьго сон. Хирияс гьелде щибниги инкарги гьабун гьечIо.

*(Канзуррагъибин ва ХIащиятул къалюбий)*

**ШафигIил мазгьабалда тIадал шурутIалги арканалги цIунун как балев хIанафиясда хадуб как базе бегьулищ?**

Имам ШафигIиясул мазгьабалда рекъон, тIуразе кколел киналго какил шурутIалги арканалги тIуран как балев хIанафиясда хадуб как базе бегьула карагьалъигун цадахъ. Гьединго гьесда хадуб как базе бегьула гьес гьел шурутIалги арканалги тIураялъулъ щаклъи бугониги. Хилаф цIунун батилин абун гьесдехун пикру лъикI гьабун. Карагьалъиялъе гIиллаги ккола гьес нилъеда аскIоб тIадаллъун ругел жал тIураниги суннатал жалилан абураб пикруялдаги вукIун тIурай. Гьесие гьел жал тIурай суннатаб гурого гьечIелъул нилъер хилафалдасан вахъун ккезелъун. Гьебги, ай тIадаб жо суннатабилан абун гьаби нилъеда аскIоб как хвезабулеб жо буго. Гьединлъидал гьеб какилъ жамагIаталъул хиралъи щвеялъулъ гIалимзабазул хилаф ккана. ИбнухIажарасда аскIоб жамагIаталъул кири щоларо. ХIатта гьесда хадуб бан гурого, тIокIаб жамагIат щолеб гьечIони, батIаго бай хириябги буго гьесда хадуб баялдаса. Рамлиясда аскIоб жамагIаталъул кири щола, тIокIаб жамагIат щолеб гьечIони батIаго баялдаса гьесда хадуб бай хириябги буго, амма кин бугониги карагьалъи буго. Кири камилаб гьечIо ва рес бугони шафигIиясда хадуб бай беццараб буго.

*(ТухIфатул мухIтаж ва ХIаваши щирваний)*

**Цо чияс алхIам битIун цIалулеблъи лъалеб гьечIони, гьесда хадуб как базе бегьулищ?**

Цевеги вахъун имамлъиги гьабун как балев бусурбанчиясда хадуб как базе бегьула, гьесда алхIам битIун цIализе лъаялъулъ щаклъи бугониги. Ва гьеб как цIидасан базеги кколаро, гьесда алхIам битIун цIализе лъалеб букIинчIеблъи баянлъичIебгIан мехалъ. Амма, заманалдасан бугониги баянлъани гьес алхIам битIун цIалулеб гьечIолъи, гьеб как бецIизе ккола.

*(ТухIфатул мухIтаж ва ХIаваши ширваний)*

**Велъиялъ как хвезабулищ?**

Велъулаго кIиго хIарп яги магIна кьолеб цо хIарп загьирлъани, как хола. КIиго хIарпалдасан рикIкIуна цо цIараб хIарпги. Амма гьел хIарпал загьирлъулеб релъи кквезе кIвечIого тIад бергьани, гьелдалъун как холаро.

*(Канзуррагъибин ва ХIащиятул къалюбий)*

**Какилъ, кIочон тун батIияб калам гьабуни, как холищ?**

Какилъ Къуръанги зикруги гуреб цогидаб калам гьабизе хIарамаб буго ва гьелъ бокьун, лъан кIалъани какги хвезабула, хIата гьелъие гIола кIиго хIарп абуниги. Зикруялъулги Къуръаналъулги къварилъи гьечIо, хIатта гьеб зикру нилъецаго ургъун бахъараб батаницин, гьелда жаниб Аллагьги аваргги гуресде хитIаб батичIони. Как балев чияс, как балеб букIинги кIочон тун, батIияб калам гьабун батани, халгьабула гьес чан рагIи абун бугебали. Анлъго яги гьелдаса дагь рагIи абун батани, гьесул как холаро. Анлъгоялдаса цIикIкIун рагIи абун батани, как хола.

*(Канзуррагъибин ва ХIащиятул къалюбий)*

---

# Прокуратура сообщает:

**Прокуратурой Тляратинского района проведена проверка ведения сайтов образовательных учреждений района.**

Проведенной проверкой установлено, что Министерством образования и науки Республики Дагестан в целях исполнения требований ст. 29 Федерального закона от 29.12.2012 № 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации» о формировании информационной открытости образовательных организаций, создан «Единый школьный портал» в информационно-телекоммуникационной сети Интернет, расположенный по адресу www.dagschool.com (далее - портал), на котором образовательные организации размещают официальные персональные страницы.

В указанных страницах в открытом доступе должны быть представлены сведения о функционировании учреждений (нормативно-правовые документы, планы, списки педагогического состава и т.д.).

Приказом Федеральной службы по надзору в сфере образования и науки от 29.05.2014 № 785 «Об утверждении требований к структуре официального сайта образовательной организации в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет» и формату представления на нем информации» утверждены требования к сайту учебных учреждений и информации, представленное на нем.

Анализ данных, расположенных на портале, показал, что образовательные организации (учреждения) района игнорируют требования вышеуказанного федерального законодательства.

В частности, из 78 образовательных учреждений района на указанном портале имеют свои официальные страницы в сети «Интернет» лишь 33.

Большинство образовательных учреждений района не обеспечивают открытость и общедоступность информации, представленной на персональных сайтов.

Так, полностью отсутствует информация об образовательном учреждении на официальной странице в сети «Интернет» у МКОУ «Чадаколобская СОШ», «Чородинская ООШ», МКДОУ «Тохординский детский сад», «Укальский детский сад», «Ясли-сад Тлярата», МКОУ ДОД «Тляратинский ДДТ»; размещены просроченные свидетельства о государственной аккредитации у МКОУ «Генеколобская СОШ», «Кардибская ООШ», «Камилюхская СОШ», «Мазадинская СОШ», «Кособская СОШ», «Хиндахская ООШ», «Начадинская СОШ»; размещены просроченные лицензии на осуществление образовательной деятельности у МКОУ «Кардибская ООШ», «Хиндахская ООШ»; не размещены свидетельства о государственной аккредитации у МКОУ «Хидибская СОШ», «Хадияльская СОШ», МКОУ ДОД «Тляратинская ДЮСШ»; не размещены Уставы с внесенными изменениями у МКОУ «Кардибская СОШ», «Колобская СОШ», «Кутлабская СОШ», «Кособская СОШ», «Тохотинская СОШ», «Укальская СОШ», «Хидибская СОШ», «Цумилюхская СОШ», «Начадинская СОШ», «Роснобская ООШ», «Сикарская СОШ», «Талцухская СОШ», «Тляратинская СОШ», «Тохотинская СОШ», «Укальская СОШ», «Хидибская СОШ»; не размещены вовсе Уставы у МКОУ «Шидибская СОШ», «Хадияльская СОШ»; размещена устаревшая информация о руководителе учреждения у МКОУ «Кособская СОШ» и «Хиндахская ООШ».

В соответствии с п.5 Постановления Правительства Российской Федерации от 10.07.2013 № 582 «Об утверждении Правил размещения на официальном сайте образовательной организации в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет» и обновления информации об образовательной организации» образовательная организация обновляет сведения, размещенные на сайте, не позднее 10 рабочих дней после их изменения.

В целях устранения указанных нарушений закона прокурором района в адрес главы МР "Тляратинский район" внесено представление об устранении нарушений федерального законодательства.

**Прокурор района**
**старший советник юстиции**
**С.Г. АХМЕДОВ**

---

# Прокуратура сообщает:

**Прокуратурой района проведена проверка исполнения требований законодательства в сфере профилактики наркомании среди несовершеннолетних.**

Установлено, что в муниципальном казённом общеобразовательном учреждении «Тляратинская СОШ им. А. Сайпулаева» (далее – Учреждение) для проведения химических опытов осуществляется оборот (хранение, учёт, использование) следующих прекурсоров: соляная кислота, серная кислота, нитраты, щелочи, оксиды, сульфаты, которые в соответствии с Постановлением Правительства Российской Федерации № 681 от 30.06.1998 «Об утверждении перечня наркотических средств, психотропных веществ и их прекурсоров, подлежащих контролю в Российской Федерации» являются прекурсорами Таблицы III, оборот которых в Российской Федерации ограничен, и в отношении которых допускается исключение некоторых мер контроля в соответствии с законодательством Российской Федерации.

В нарушение указанных требований, в деятельности должностных лиц МКОУ «Тляратинская СОШ им. А. Сайпулаева» выявлены следующие нарушения.

В соответствии с п. 3 Правил хранения наркотических средств, психотропных веществ и их прекурсоров, утверждённых постановлением Правительства РФ от 31.12.2009 № 1148 «О порядке хранения наркотических средств, психотропных веществ и их прекурсоров», хранение наркотических средств, психотропных веществ и прекурсоров осуществляется в изолированных помещениях, специально оборудованных инженерными и техническими средствами охраны.

Согласно п. 4, 5 «Правил хранения наркотических средств, психотропных веществ и их прекурсоров», помещения подразделяются на 4 категории. В отношении помещений каждой из категорий устанавливаются базовые требования к их оборудованию инженерными и техническими средствами охраны, а также к условиям хранения в них наркотических средств, психотропных веществ и прекурсоров.

Во исполнение требований п. 7 «Правил хранения наркотических средств, психотропных веществ и их прекурсоров» помещение, относящееся к 3-й категории, оборудуется входной металлической дверью, деревянной дверью, усиленной с 2 сторон листовым железом, либо дверью из иного материала, обладающей классом защиты от разрушающих воздействий не ниже 3-го. Входная дверь имеет не менее 2 запирающих устройств 3-го класса защиты от разрушающих воздействий.

Помещение кабинета химии в МКОУ «Тляратинская СОШ им. А. Сайпулаева» оборудовано входной деревянной дверью, имеющий один навесной замок, что не соответствует требованиям п. 7 «Правил хранения наркотических средств, психотропных веществ и их прекурсоров».

Наркотические средства, психотропные вещества и прекурсоры должны храниться в запирающихся насыпных или прикрепленных к полу (стене) сейфах не ниже 3-го класса устойчивости к взлому.

Хранение основного запаса вышеуказанных прекурсоров в МКОУ «Тляратинская СОШ им. А. Сайпулаева» осуществляется в шкафу, что не исключает доступ в помещение посторонних лиц.

В целях устранения указанных нарушений закона прокуратурой района в адрес директора данного учреждения внесено представлении об устранении нарушений федерального законодательства.

**И.о. прокурора района**
**юрист 3 класса**
**Г.В. САСИЕВ**

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.$^{00}$
фактически: 19.$^{00}$ 29.12.2015
Заказ ________________